



PEMERINTAH KOTA DEPOK  
DINAS PENDIDIKAN

ULANGAN KENAIKAN KELAS(UKK)  
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP)  
Tahun Pelajaran 2012/2013

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda  
Kelas : VIII (Delapan)  
Hari, Tanggal : Senin, 10 Juni 2013  
Waktu : 90 Menit

PETUNJUK :

1. Disediakan Lembar Jawaban Komputer (LJK)
2. a. LJK dipergunakan untuk jawaban Soal Pilihan Ganda.  
b. Tulislah dengan jelas : Nama Anda, Nomor Peserta Anda, Sekolah Asal, Tanggal Ulangan Kenaikan Kelas , Jam ke, Tanda tangan, dan menghitamkan bulatan kecil pada LJK sesuai dengan petunjuk.  
c. Jawaban dikerjakan dengan cara menghitamkan bulatan kecil sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.  
d. Apabila ada jawaban yang keliru dan Anda ingin memperbaikinya, hapuslah jawaban yang keliru itu dengan menggunakan karet penghapus pensil, kemudian hitamkan bulatan kecil lain sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.  
e. LJK jangan sampai rusak,basah atau kotor
3. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Laporkan kepada Pengawas Ulangan Kenaikan Kelas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang.
5. Jumlah soal sebanyak : Pilihan ganda 40 soal, Uraian 5 soal
6. Dahulukan menjawab soal-soal yang Anda anggap mudah
7. Mintalah kertas buram kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas, bila diperlukan
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum Anda serahkan kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas.

SELAMAT BEKERJA

I Pilihan Ganda

Wacana

TATAKRAMA

Kecap tatakrama téh asalna tina basa Kawi, tata (aturan, norma, bérés, adat); jeung tina basa Sangsekerta, karma (sopan, hormat, lemes, prilaku). Jadi tatakrama téh harti nu jembarna mah nyaéta aturan sageblengna tina prilaku anu sopan di lingkunganna.

Ku kituna tatakrama téh hartina sarua baé jeung étiket, sopan santun, atawa adab-adaban dina kahirupan manusa.

Hirup kumbuh manusa téh dimimitian ti ayana kulawarga, kelompok, wewengkon, sélér bangsa jeung bangsa. Kitu deui rupa-rupa budaya jeung peradabanna, sarta béda-béda agama katut kapercayaan. Ku kituna tatakrama gé béda-béda moal aya nu sarua.

.....

Dicuat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

- I. Tatakrama asal kecapna tina basa Kawi, anu ngandung harti....
  - A. aturan jeung kabiasaan
  - B. sopan jeung hormat
  - C. aturan jeung kasopanan
  - D. aturan jeung hukuman

2. Kalimah inti dina paragrap ka-3, nyaéta....
  - A. Hirup kumbuh manusa téh dimimitian ti ayana kulawarga.
  - B. Rupa-rupa budaya jeung peradaban.
  - C. Ku kituna tatakrama ge béda-béda moal aya nu sarua.
  - D. Sarta béda-béda agama katut kapercayaan.
3. Campedak asak mani...  
Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan éta kalimah nyaéta....
  - A. haseum
  - B. loba
  - C. seungit
  - D. lada
4. Pantes rék jadi juara ogé Jang Kohar téh lantaran lumpatna mani...  
Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan éta kalimah, nyaéta....
  - A. tarik
  - B. laun
  - C. alon
  - D. nanjak

5. Loba nu mikaresep ka Pa Haji Gugun mah, lantaran...  
Kecap sipat nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di  
luhur, nyaéta....  
A. agréng  
B. haseum  
C. alus  
D. bageur
6. Tengetan sajak ieu di handap!

Di hiji Leuweung Geledegan  
Karya: Surahman R.M.

Aya tulang nyangsang na dahan deudeuh  
Sésa raga arucutan  
Langlayangan teu kapuluk teu karucu  
Di hiji leuweung geledegan

Dicuat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

Ékspréssi anu cocog pikeun macakeun sajak di luhur nya éta....  
A. gumbira  
B. ambek  
C. waas  
D. sedih

7. Teu anéh lamun Néng Lina jadi juara di kelasna, lantaran  
suhud diajarna.  
Sinonim tina kecap suhud, nyaéta....  
A. getol C. handap  
B. horéam D. pinter

8. Tétéla teu babari jadi juara pasanggiri téh, lantaran sainganana  
kacida lobana.  
Antonim tina kecap babari nyaéta....  
A. capé C. handap  
B. hésé D. ruksak

9. "Sanggeus ngapung, langlayangan téh naék ka luhur."  
Kalimah di luhur kaasup gaya basa....  
A. ngasor (litotés)  
B. ocon (métonimia)  
C. kadalon (pléonasme)  
D. mijalma (personifikasi)

10. Ieu di handap nu kaasup rangkéy laporan perjalanan,  
nyaéta....  
A. tujuan, tempat, waktu, kagiatan, biaya perjalanan  
B. tujuan, tempat, waktu, pamilon, kegiatan  
C. tujuan, tempat, waktu, biaya perjalanan, kagiatan  
D. tujuan, tempat, waktu, bekal perjalanan, kagiatan

11. 1. Ieu kagiatan téh dilaksanakeun poé  
Saptu, kaping 6 Juni 2009.  
2. Anu milu dina ieu kagiatan aya 200 urang.  
3. Tujuan karyawisata ka Taman Safari téh sangkan  
parasiswa boga pangalaman ngeunaan rupa-rupa sato  
jeung kadaharanana.  
4. Salila di Taman Safari parasiswa niténan sarta nyatet  
rupa-rupa sato jeung kadaharanana.  
5. Tempat-tempat nu dituju téh nyaéta Taman Safari jeung  
kebon entéh.


Susunan laporan perjalanan nu bener nyaéta....

- A. 1-2-3-4-5 C. 3-5-1-2-4  
B. 2-1-3-4-5 D. 4-5-1-2-3

12. Rumasa kuring mah jalma teu boga, geuraheun bisa sakola  
nepi ka paguron luhur.  
Kalimah di luhur ngagunakeun gaya basa....  
A. mijalma (personifikasi)  
B. ngasor (litotés)  
C. ocon (métonimia)  
D. lalandian (métafora)
13. Ieu di handap nu kaasup gaya basa ocon nyaéta....  
A. Puncak kalapa patinggarupay ti kajauhan.  
B. Ma'lum baé pun anak mah da teu kantos sakola.  
C. Imas téh béntang kelas VIII-6.  
D. Saban poé Clara ka sakolana kana bébék.
14. Ulah ngomong baé atuh, pigawé nu bener!  
Kalimah di luhur kaasup kana kalimah paréntah....  
A. ménta/ nitah C. nyaram  
B. maksiá D. ngajak
15. Kalimah di handap nu kaasup kana gaya basa kadalon  
(pléonasme) nya éta....  
A. Kuring gé ningali ku panon sorangan.  
B. Abdi nuju ngadamel sasaungan di lembur.  
C. Wah hebat, manéhna mah geus kabeuli kijang.  
D. Sora suling ngabangingik.
16. Ieu di handap aya susunan pokopoko acara dina kagiatan  
rapat nu merenah nya éta....  
A. bubuka, biantara, nampung saran, kacindekan, panutup  
B. bubuka, nampung saran, biantara, panutup, kacindekan  
C. biantara, bubuka, nampung saran, kacindekan, panutup  
D. bubuka, biantara, kacindekan, nampung saran, panutup
17. "Sabada ngadugikeun salam kawilujengan, sim kuring  
ngahaturkeun nuhun ka sadérék sadaya, teu hilap ka Bapa  
sareng Ibu Guru anu parantos kersa ngaluuhan ieu rapat."  
Pedaran kalimah di luhur téh mangrupa....  
A. panutup  
B. biantara eusi  
C. kacindekan  
D. biantara pangdeudeul
18. Nu kaasup sarat-sarat jadi pemandu acara nu hadé nya éta....  
A. sora kudu tarik pisan  
B. teu nyiapkeun matéri  
C. ngagunakeun basa nu bener  
D. ngutamakeun penampilan pakéan
19. Pedaran ieu di handap mangrupa conto panutup dina acara  
rapat, nya éta...  
A. Hapunten anu kasuhun, bilih panampian ti sim kuring  
kirang nyugemakeun. Dupi acara anu badé dipidang-  
keun ...  
B. Salajengna, mangga ieu acara rapat urang buka ku maca  
basmallah sasarengan.  
C. Hadirin anu dipihormat, acara anu kadua nyaéta  
pamapag ti ketua OSIS ...  
D. Salajengna mangga urang tutup ieu acara ku maoskeun  
Hamdallah sasarengan!

20. Di Cianjur mah melak kembang naon waé ogé hirup, sabab ...na subur.  
Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nya éta....  
A. tanah C. cai  
B. taneuh D. air

Perhatikeun bagan pancakaki ieu di handap pikeun ngajawab soal nomor 21 jeung 22!



21. Dumasar kana pancakaki di luhur, Iwan ka Intan nyebut...  
a. emang c. bapa  
b. bibi d. nini
22. Dumasar kana pancakaki di luhur, Fajar ka Anita nyebut....  
A. uwa C. suan  
B. bibi D. lanceuk
23. Bapa kapala sakola, nembé ... tabuh tilu sonten.  
Basa hormat nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....  
A. mulang C. balik  
B. mulih D. wang sul
24. Punten wé abdi... tipayun, da teu kiat lapar.  
Basa hormat nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah diluhur nyaéta...  
A. dahar C. makan  
B. neda D. tuang
25. Pék pilih kalimah bubuka nu merenah pikeun muka acara diskusi!  
A. Parasadérék, dipayneun urang sadaya parantos siap kelompok lima anu baris medar perkawis "tata krama".  
B. waktos anu disayogikeun dina ieu sawala téh 30 menit  
C. salaku moderator sim kuring nganuhunkeun hususna ka kelompok lima'  
D. teu hilap sim kuring neda dihapunten, bilih salami mancén janten moderator masih kénéh seueur kakirangan.

## Wacana

### Topéng Blanték

Ngaran ieu kasenian tradisional téh diwangun ku dua kecap; topéng jeung blanték. Pangna disebut topéng téh lantaran dina pagelaranana aya bagian nu mintonkeun ibingan maké topéng. Cindekné, beungeut nu ngibingna ditutupan ku topéng atawa kedok. Ari nu dimaksud blanték téh pihartieunana campur aduk. Aya benerna disebut campur aduk téh lantaran dina pintonanna ngandung rupa-rupa unsur; kayaning ibingan, bobodoran, jeung lalakon (carita).

26. Nu dimaksud kasenian blanték dina wacana di luhur nyaéta....  
A. ibingan jeung bobodoran  
B. campur aduk  
C. asal muasalna kasenian  
D. campuran kasenian daerah
27. Pangna dingaranan kasenian topéng blanték téh ku lantaran....  
A. maké topéng jeung bobodoran  
B. mintonkeun ibingan maké topéng  
C. mintonkeun pagelaran bobodoran  
D. kasenian tradisional
28. Naha kelas téh mani pararoék kieu? Cing, lampu....  
A. panganteurkeun!  
B. pangjualkeun!  
C. pangalungkeun!  
D. panghurungkeun!
29. Duit téh ngan cukup keur sapoéeu.  
Kecap asal tina kecap nu digurathandapan dina kalimah di luhur nya éta....  
A. poé C. poéeu  
B. sapoé D. sapoéeu
30. Dina kagiatan diskusi, tugas moderator nyaéta....  
A. ngamankeun acara diskusi  
B. méré tanggapan diskusi  
C. nulis hasil diskusi  
D. mandu acara diskusi
31. Ninggang mangsa nu utama  
Nitih wanci nu mustari  
Urang kabéh rék paturay  
Geus jadi takdir ti Gusti  
Papastén Maha Suci  
Mungguh mantenna nu ngatur  
  
Eusi guguritan di luhur téh nyaéta...  
A. Naséhat paturay tineung  
B. Atikan ngeunaan solat  
C. Kudu getol kana ibadah  
D. Mikanyaah ka sasama
32. Titenan Guguritan nu aya dina soal no 31:  
Guru lagu jeung guru wilangan anu bener tina padalisan ka-2 nyaéta....  
A. 8-a C. 7-i  
B. 8-i D. 8-u
33. Rarangkén gabung pi-eun nu ngandung harti "bahan" atawa "bakal" aya dina....  
A. pikakeuheuleun  
B. pikamelangeun  
C. pibajueun  
D. pikaseurieun
34. Si Ibro mah keur bodo téh, kalakuanna ogé pikasebeleun, matak ... batur.  
Kecap anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....  
A. pikasediheun C. pikaseurieun  
B. pikaresepeun D. pikangéwaeun

## Wacana

Pék baca téks "Budidaya Lauk Patin" dihandap!

### BUDIDAYA LAUK PATIN

Patin téh asli lauk lokal ti perairan Indonésia. Ayeuna lona nu miara, lantaran kaasup kana komoditas anu nguntungkeun. Rasa dagingna ngeunah jeung gurih, atuh harga jualna ogé onjoy deuih. Éta hal téh jadi daya tarik pikeun parapangusaha, utamana pangusaha réstoran.


Salian ti éta, lauk patin téh unggul dina ukuran awakna. Di alam bébas, panjangna népi ka 1,2 métér. Lamun dibudidayakeun, dina umur genep bulan téh panjangna 35-40 cm.

Binih lauk kakara dipelakkeun lamun kaayaan balong geus stabil. Lobana lauk anu dipelak gumantung kana ukuran gedé leutikna binih, sarta kudu disaluyukeun jeung ukuran balong. Patokan anu bisa dipaké nyaéta saméter pasagi keur binih ukuran 100 gram. Melakkeun binih biasana sok isuk-isuk atawa pasosoré, waktu suhu cai tiis. Maksudna supaya lauk teu kagéteun. Leuwih aman deui mah mun maké prosés akliminasi. Carana lauk téh sina kaluar sorangan tina wadah tempat urang ngangkut.

Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

35. Téma wacana di luhur nyaéta....  
 A. Budidaya lauk patin  
 B. Lauk patin beuki barang hakan  
 C. Rasa dagingna ngeunah jeung gurih  
 D. Miarana gampang
36. Poko pikiran tina paragrap ka-3 anu aya dina wacana di luhur nya éta...  
 A. Binih lauk kakara dipelakkeun lamun kaayaan balong geus stabil.  
 B. Lobana lauk nu dipelak, gumantung kana ukuran gedé leutikna binih, sarta kudu diluyukeun jeung ukuran balong.  
 C. Melakkeun binih biasana sok isuk-isuk atawa pasosoré, waktu suhu cai tiis.  
 D. Maksudna supaya lauk teu kagéteun, ieu leuwih aman lamun maké prosés akliminasi
37. Pungsi tabél jeung grafik nya éta....  
 A. pikeun ngagampangkeun kapala sakola mariksa kahadiran guru.  
 B. méré gambaran kalawan jelas jeung singget ngeunaan hiji pasualan.  
 C. pikeun ngagampangkeun pembina OSIS mariksa kaaktipan siswa.  
 D. pikeun mariksa soal ulangan.

38.



Pernyataan nu bener tina grafik di luhur nyaéta....

- A. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan Pramuka 350 urang, PMR 200 urang, OSIS 250 urang, Rohis 400 urang.
- B. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan OSIS 350 urang, PMR 250 urang, Pramuka 350 urang, jeung Rohis 300 urang.


- C. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan PMR 200 urang, OSIS 300 urang, Pramuka 350 urang, Rohis 300 urang.
- D. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan Rohis 300 urang, Pramuka 350 urang, OSIS 250 urang, jeung PMR 200 urang.

39. Tina grafik ékskul siswa di luhur, bisa dicokot kacindekan...  
 A. anggota OSIS leuwih loba batan anggota Pramuka.  
 B. anggota PMR sarua jeung anggota Rohis.  
 C. anggota Rohis leuwih saeutik batan anggota pramuka.  
 D. anggota pramuka leuwih saeutik batan anggota PMR.
40. "Cing, pangmeserkeun gula ka warung, Jang!".  
 Kalimah di luhur kaasup kana kalimah paréntah....  
 A. nyaram C. maksa  
 B. ménta /nitah D. ngajak

## II. Uraian

Jawablah pertanyaan di bawah ini dengan baik dan jelas!

41. Téangan sinonim tina kecap-kecap ieu di handap!  
 a. gancang c. supaya  
 b. ulah d. lantaran



42. Terangkeun istilah pancakaki tina bagan di luhur!  
 a. Anita ka Fajar nyebut...  
 b. Aneu ka Wawan nyebut...  
 c. Déwi ka Anita nyebut...  
 d. Aneu ka Fajar nyebut...  
 e. Fajar ka Iwan nyebut...
43. Jieun kalimah anu make kecap ieu di handap!  
 a. alus  
 b. pinter  
 c. haseum
44. Jieun 2 kalimah paréntah anu eusina ngajak!
45. Baca cutatan sajak "Di Imah Leutik Nu Mencil" ieu di handap!

## DI IMAH LEUTIK NU MENCIL

Karya: Juniarso Ridwan

Di imah leutik nu mencil

Hirup sorangan

Dibaturan gunung

Dihibur eurih

Seuneu ngéntab peuting

Ngobrol jeung angin,

Pahibut jeung abrulan manuk,

Nyidik-nyidik batu bangun hanjelu

Nasib, nasib meruhkeun diri

Saendeng-endeng

Cik ku hidep jelaskeun eusi éta sajak kalawan jéntré!